O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ TA`LIMI WA`ZIRLIGI

A`JINIYaZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

PeDAGOGIKA FAKUL`TeTI

«Su`wretlew o`neri ha`m injenerlik grafikasi» ta`lim bag`dari

«Arxitektura qurilis sizbashilig`i» pa`ninen

# ***KURS JUMISI***

Tema : Eski Misir arxitekturasi

Orinlag`an : 3 b-kurs talabasi D.Elmuratova

Qabil qilg`an: A. Aldabergenov

**No`kis–2015**

## ***TEMA: ESKI MISIR ARXITEKTURASI***

## ***JOBA :***

Kirisiw …………………………………………………..........3

I. A`yyemgi patshaliq da`wirinde piramidalar arxitekturasi ………………………………………………………………………6

II.Jan`a patshaliq da`wiri ibadatxanalari du`zilisi ……………………………………………………………………….15

III. Ellinizm da`wiri arxitekturasi ……………………………….18

Juwmaqlaw …………………………………………….........20

A`debiyatlar……………………………………………………..21

## *KIRISh*

Bizin` monumental iskusstvo salasinda a`melge asirg`an ja`ne bir u`lken jumisimiz teberik za`miynimizde tuwilip erjetken ha`m ma`n`gi uyqig`a ketken ulli a`ziz-a`wliyelerimizdin` esteliklerine yadgarlik komplekslerin tiklegenimizde ko`rindi. Atap aytqanda, Buxarada Abdulxaliq G`ijduvanie ha`m Bahawiddin Naqshband, Samarqandta Imam Buxariy ha`m Ima`m Maturidiy, Marg`ulanda Burxaniddin Marg`inoniy, tashkent sha`ha`rinde Hazrati Imom siyaqli estelik komplekslerin jarattiq. Xalqimiz turmisinda teren` iz qaldirg`an, bu`gingi ku`ni shin ma`nisinde muqaddes ziyarat orinlarina aylang`an bunay komplekslar ruwhiy du`n`yamizdi joqari ko`teriwge u`lken u`les bolip qosildi, desek ha`r ta`repleme tuwri boladi.

Sonin` menen qatar elimizde monumental iskusstvo tarawin rawajlandiriw boyinsha aldimizda ko`plegen waziypalar turg`anlig`in atap o`tiw lazim. Sonin` ishinde, bul salada da zamanago`y do`retiwshilik mektep jaratiw, usi maqsette ken` ko`lemde pikirleytug`in a`yyemgi tariyximiz, milliy ta`biyatimizdi teren` biletug`in, o`zi jaratip atirg`an obrazdin` barliq o`zgesheliklerin en` a`wele ju`reginen, qa`lbinen o`tkerip do`retiwge uqipli bolg`an jetik skul`pturlar ha`m arxitektorlardi ta`rbiyalaw aktual ma`sele bolip tur[1]. [6; 154;155;]..

Ja`ha`n xalqi tez ko`beyip barmaqta. Song`i mag`liwmatlarg`a qarag`anda jer ju`zesinde xaliq ku`nine 100 000 kisige asmaqta. Bul kisilerdi turar jay ha`m sotsial, oqiw sawda, ma`deniyat, sport qurilislarina bolg`an iqtiyajlarin keskin asirip jiberedi.

Na`tiyjede ja`ha`nnin` barliq ma`mleketleri, tiykarinan O`zbekistanda ha`m arxitekturag`a talap asadi. Bul administrativlik, turar jay, ma`deniyat ha`m sport qurilmalari gu`resin ken`eytiriwdi na`zerde tutadi.

Ja`ha`nnin` ha`zirgi zaman arxitekturasinda binalardin` ko`p quwatli boliwina ha`reket qilinip atir. Tiykarinan, Chikogonin` Sies Tayer binasi 443 metrli bolip ja`ha`ndag`i en` biyik bina esaplanadi. AQSh tin` «Skidmor Ouangs end Merill» firmasi 164 qabatli, amerikaliq belgili arxitektor Farishman 3200 metrli bina

proektlerin islep shiqqanlar. Sog`an qaramastan ko`p qabatli binaardin` kisiler turmisi unin ziyanli ta`repleri ha`m ko`zge taslanmaqta. Qa`niygelerdin` pikirlerine qarag`anda ko`p qavatli u`yler bar jaylardag`i ku`shlerde transport ha`reketi awirlasadi, shawqim ku`sheyedi, hawa pataslanadi, o`rt shig`iw mu`mkinshiligi ko`beyedi, ku`shlerdi sanitariya a`whali ha`m kisilerdin` salamatlig`i jamanlasadi ha`m t.b. Bul hal ko`p qavatli binalar ko`riwdi maqsetke muwapiq emesligi, kem qavatli binalar ha`m olardi bag`lar qoyninda ko`riw ko`p ta`repinen ustunliklerge iye ekeninen ko`rsetpekte. Frantsiyada 1946 jilda shar siyaqli formadagi ha`m sintetikaliq materiallardan islengen, hawa menen toldirilg`an binalar payda bolg`an olardi 10-15 minutta payda qiliw, 40 minutta jiynaw mu`mkin. Olarda ko`rgizbe, kontsert, sawda ha`m basqa usi siyaqli ila`jlar o`tkerilgen paydanilmaqta.

Arxitekturanin` tez rawajlaniwi onin` bir qatar bag`darlarg`a bo`liniwine sebep bolmaqta.

Tiykarinan, islep shig`ariw karxanali arxitekturasi, metrosazliq arxitekturasi, administrativlik binalar arxitekturasi, sport qurilmalari, oqiw mekemeleri ha`m basqalar.

Ha`zirgi zaman arxekturasi ha`m bir ma`mleketlerdin` aymaqliq, ta`biyg`iy, klimatliq sha`rayatlari, usi ma`mleket xalqinin` turmis ta`rizi, ma`deniyati, milliy ko`rkem da`stu`rleri tiykarinda rawajlanmaqta. A`lbette bunda jan`a qurilis materiallarinin` sani ha`m ko`beyip, arxitektura rawajlaniwina ta`sir ko`rsetpekte.

***Temanin` aktualligʻi :*** A`yyemgi misir arxitekturasin u`yreniu` arqali biz piramidalar, ibadatxanalar, ehramlar, olardin` o`zine ta`n bolg`an o`zgeshelikleri menen tanisamiz.

***Jumistin` maqseti ha`m waziypalari :*** Usi da`wirge kelip ko`rkem o`ner wa`killeri, o`nerdin` ideyaliq-ko`rkemlik mazmunin o`zgertiredi. Arxitektorlar do`retiwshiliginde u`lken o`zgerisler ju`z berdi.

***Izertlew ob`ekti ha`m predmeti :*** Ob`ekti- usi da`wirdegi payda bolg`an piramidalar, ibadatxanalar, binalar, predmeti-arxitektura qurilis sizbashilig`i.

***Izertlew na`tiyjelerinin` ilimiy ta`repinen jan`aliq da`rejesi:*** Bul da`wir arxiteuturasinin` xarakterli ta`repi sonda, bul da`wirde Eski Misir arxitekturasinda ha`r bir patshaliqtin` o`z ibadatxanalari, saraylari, ehramlari payda etildi. Bul payda bolg`an patshaliqlar o`z da`wirinin` arxitekturasin ko`rsetiwge ha`reket qildilar.

## *I. A`yyemgi patshaliq da`wirinde piramidalar arxitekturasi*

Misir ma`mleketi o`zinin` a`yyemgi ma`deniyati, bay tariyxi menen basqa rawajlang`an ma`mleketler arasinda jetekshi orinlardan birin iyelleydi.

Misirdi ko`p a`sirlik tariyxi ha`m ma`deniyati taslarda, sarkograflarda, su`wretshilerdin` shig`armalarinda, usta-o`nermentlerdin` do`retiwshiliginde, arxiteketura qurilmalarinda mu`hirlanip qalg`an.

Eramizdan 3000 jil burin baslag`an bul ma`deniyat ritmlik basqinshilar misirdi iyellep alg`ang`a shekem, yag`niy eramizdin` 30 jillarina bolg`an da`wirin o`z ishine aladi. Misir ma`deniyatinin` qa`liplesiwinde Nil da`r`yasi o`zinin` tiykarg`i ornin iyelleydi.

Bul u`lken da`r`ya Nubiylar - ha`zirgi Sudan ma`mleketi shegarasinda ag`ip shig`ip, arqada Orta ten`izge barip qosiliw ushin 6000 km artiq araliqti sho`l-sahra basip o`tedi.

Ol o`z jolinda «Aq Nil» ha`m «Ko`k Nil» dep ataliwshi qosimsha da`r`yalarg`a bo`linedi. Ol Nil «Viktoriya» ha`M «Al`bert» degen ten`izler suwinan payda bolg`an ko`llerden suw aladi. Ko`k Nil Abisin tag`inan ag`ip tu`sedi. Bul taw bir ret Hind okeani ta`repinen keletug`in jamg`irli bu`ltlardi tosip qaladi.

Bunin` na`tiyjesinde ku`shli jamg`ir ag`ip, yag`niy aqimlar payda boladi. Bul waqitta da`r`ya suwi 75 metrden ziyat ko`terilip, 1971 jilg`a shekem, yag`niy Asuan suw saqlag`ishi qurilg`ang`a shekem ha`r qiyli suw tasqini payda qilg`an. U`sh ay dau`aminda da`r`ya a`tirapindag`i jerler ko`lge aylang`an ha`m aqirinda, arqag`a shekingen suw o`zinin` o`nimli layqasin Nil a`tirapindag`i jerlerge sawg`a etken. Haqiqattan, ha`m bu jaylar du`n`yadag`i en` o`nimdar jerlerden biri bolip, onnan jilina u`sh ma`rtegeshe o`nim aling`anyu. Sonin` ushin ha`m Nil da`r`yasinin` quriq jerleri adamlardi o`zine tartqan.

Kelip shig`iwi ha`zirge shekem ma`lim bolmag`an kisilerdin` Nil da`r`yasi qirg`aqlarinda ornasiwlari, pikirimizshe, tas da`wirine tuwri keledi.

Adamlar bul jerlerge qizil ten`iz ta`repinen, Hamamat alabi arqali kelgen. Jamg`irsiz Misir sho`linde ko`ship ju`riwshi ko`shpenshi –an`shilar ha`m aniq turmis deregi bolg`an, usi jerden ma`kan tawg`anlar. Aytiw mu`mkinki, da`slepki

keskin ra`wishte ornalasiw eramizdan alding`i 6000 jil menen 5000 jillar aralig`inda bolg`an.

Bul da`wirde eli metall isletiliwin bilmegen adamlar turmis ushin za`ru`r qural-jaraqlardi, tiykarinan, ag`ash ha`m taslardan jasag`anlar. Adamlardin` u`yleri shiyki gerbishden qurilg`an. Bul qurilis zati usi jerdin` qurg`aq klimati sha`rayatina mass bolg`anlig`i ushin Misir ma`deniyatinin` pu`tin da`wirinde tiykarg`i esaplang`an.

Ma`limki, a`yyemgi xaliq ma`deniyati haqqindag`i qimmatli mag`liwmatlardi maqbalardan biliw mu`mkin. Maqbaralardan tabilg`an bas su`yeklerden ko`rinedi turli qabilalardag`i adamlardin` ha`mmesi ariq ha`m pa`s lekin bir iriqqa ta`n bolmag`an.

Issi sholdin` qaynaq qumi, insan denesi menen birge onin` shashlari ha`m terisin ha`m saqlagan. Misirliqlar o`likti kiyim-kenshekleri menen ko`miwdi da`stu`r qilg`an edi. Ha`r qiyli jaylardan tabilg`an bir qatar maqbaralar olardin` a`piwayi du`zilgenliginen derek beredi.

Bul maqbarani sin`shiklep teksergen arxeologlardin` aytiwlarina qarag`anda, usi da`wirde Nil jag`alarinda, Badaryan, Amratan, Tazian ha`m sog`an uqsas ha`r qiyli qabilalar bar bolg`an. Ha`r bir qabila o`z jerin tis-tirn`agi menen qorg`ag`an.

O`z-ara urislar Nil alabinda xaliqti uriwdas toparlarg`a bolip jibergen. Ha`r topardin` o`z baslig`i bolg`an. Keyinshelik bul toparlardin` birlesiwi na`tiyjesinde oblastlar «at» lar payda bolg`an. Eramizdan alding`i 3200 jilg`a kelip, Misirda Kikita patshaligi payda boldi.

Qublada, Nuybiylar shegarasinan ha`zirgi Qahira jaqinindag`i del`tag`a shekem bolg`an jerler «Joqari Misir» di quraydi ha`m ol Xiera Konpolis qalasin paytaxt qilip aldi.

Quyi Misir Arqada, yag`niy to`menirekte, onsha u`lken bolmag`an, biraq o`nimli jerde jaylasqan bolip, paxtaxti Butoda bolg`an.

Bul Qubla Misir patshasi Narmet o`zinin` ku`shli qosinlari menen Arqani basip aldi ha`m strategiya ta`repinen ju`da` ha`m qolay bolg`an Memfis qalasina ko`shirdi.

Demek, Narmendi arxaika da`wiri birinshi a`wladinin` da`slepki fir`avni deyiw mu`mkin.

Tariyxshilar a`yyemgi Misir ma`deniyati ha`m arxitekturasi o`neri tariyxi haqqinda pikir ju`ritgenlerinde da`wirlerdin` ha`r qiylilig`i a`wladlar arqali ko`rsetiwdi maqsetke muwapiq dep bilgenler. Ha`tte Misir payg`ambari Manetxo eramizdan alding`i 300 jil urin birinshi a`ne usi usildi qollawdi talap etken. Uliwma, a`wlad aralig`indag`i waqit bolip, usi u`aqit ishinde shan`araqtin` patshaliq qilg`an da`wirin sa`wlelendiredi. Misali, Frantsiyada Burbonlar, Angliyada Tyudorlar, Orta Aziyada Temuriylar, Russiyada Romanovlar a`wladlari bar bolg`an[1]. [9; 38;39;].

A`dette a`wladlar ju`da` ko`p waqitti o`z ishine aladi. Buni jaqsiraq tu`siniw ushin to`mendi biz baslang`ish waqti eramizdan alding`i 3200 jil ekenligin unitmag`an halda, a`yyemgi Misirdag`i da`wirler ha`m a`wladlar atin ma`lim bir ta`rtipte bayan etemiz.

I.Arxiakia da`wiri .

1-ha`m 2- a`wladlar 3200-2700 jillar (eramizdan aldin)

II. A`yyemgi patshaliq da`wiri

3-a`wladdan ta 10-a`wladqa shekem 2700-2100-jillar (eramizdan aldin).

III. Orta patshaliq da`wiri.

11-a`wladtan 13- a`wladqa shekem 2100-1700 jillar (eramizdan aldin).

IV. Giksoslar hu`qimranlig`i da`wiri.

14- a`wladtan 17- a`wladqa shekem 1700-1555 jillar (eramizdan aldin ).

V. Jan`a patshaliq da`wiri.

18-a`wladtan 24 a`wladqa shekem 1555-712 jillar (eramizdan aldin).

VI. Misirliqlardin` son`g`i da`wiri.

25 ha`m 26 a`wladlar 712-525 jillar (eamizdan aldin).

VII. Eronliklar hu`kimranlig`i da`wiri.

27-a`wladtan 30 a`wladqa shekem 525-332 jillar (eramizdan aldin).

VIII. Yunon –Rim da`wiri.

332 (eramizdan aldin ) 638 jillar.

Yunon ha`m Rim hu`kimranlig`i da`wiri Makedoniyali Iskandar, Rim ha`m Vizantiya ju`rislerin o`z ishine aladi. Eramizdin` 638 jildan baslap Misir tariyxinda mutlaq jan`a da`wir-musilmanlar da`wiri baslandi. Biraq biz a`yyemgi Misir ma`deniyati haqqinda so`ylep ekenbiz, biz onin` tiykarinan ulli ma`mleket da`rejesine ko`terilgnen da`wirindegi arxitekturasi ha`m o`neri haqkinyua ko`birek pikir ju`ritemiz.

A`yyemgi patshaliq da`wiri. A`yyemgi Misir quldarliq ma`mleketin basqarg`an shaqlardi fir`avnlar dep atag`anlar.

Fir`avn boliw ushin taqtqa da`vogar o`zinen alding`i fir`avannin` beva qalg`an hayalina yaki onin` qizlarinan biri u`yleniw sha`rt bolg`an. A`yyemgi Misirda shaqliq xaninin` tazalig`in saqlaw nizami bar edi. Usi tiykarinan, ag`a ha`m sin`il ortasindag`i neke maqsetke muwapiq dep atalg`an.

Fir`avn ma`mleket hu`kimdari sipatinda ulli quda «qu`yash Re» nin` jerdegi perzenti ha`m jer asti du`n`yasinin` qudasi Osirisnin` miyrasxori dep esaplang`an. Sog`an ko`re, ol diniy ma`mleketinin` du`n`yasi u`lken ibadatxanalar qurdirg`an ha`m qurbanliqlar keltirgen. Sawashlarda shaxsan basshiliq qilg`an fir`avnlar arasinda ba`zileri shinnan ha`m sheber sawashshi bolg`an. Biraq arxakia ha`m a`yyemgi patshaliq da`wirlerden olar hesh qashan qon`isi ma`mleketler ju`risler uyimlastirg`anlar.

Ma`mleket Narmer da`wirinde tutas ma`mleketke aylantirilg`an waqitta Misirliqler metalldan paydalaniw jollarin bilip alg`anlar. En` aldin mistan, keyin bronzadan ha`r qiyli a`sbaplar, qural jaraqlar islengen. Bul ma`mleket ashiliwlarina qaramastan. Tasti islew ha`m ustashiliq o`neri za`ru`r orin tutqan. Bul o`nerdi misirliqlar ideal da`rejede bilgenler. Misali, shaqlar qa`birlerinen tabilg`an tastan islengen a`jayip gu`zeler ha`m gul danlar eramizdan alding`i 2800 jillarg`a, yag`niy birinshi a`wlad da`wirine tuwri keledi.

Nil a`tirapinda jaylasqan da`slepki ko`shmenshilerdi o`zine tartip bul da`r`ya ushin en` za`ru`r bolg`an turmisliq bir derek edi.

Nil da`r`yasi tek turmis ha`m ma`deniyat deregi emes, ba`lki sirtqi du`n`ya menen baylanis qiliw joli ha`m bolg`an. Onda ha`r qiyli kemeler, ayriqsha, sa`wda kemeleri ba`rqulla ko`p bolg`an. Kemelerden ba`zileri ha`tte Orta ten`izge shig`iwg`a ha`m jura`a`t etkenler.

Misirda jaziw ma`jbu`riy ra`wishte arxivlardi saqlaw, ayriqsha, xaliqqa saliq saliw protsessii ha`m payda boldi. Qizig`i sonda, misirliqlar dawisli seslerdi isletgenler. Misirliqlar Nil jag`alarinda o`setug`in «pipirus» o`simligine jaziw qag`azdi oylap tawg`an

A`yyemgi Misirda administratsiya Nil jag`alap jaylasqan «at» lar tiykarinda payda boldi. Jergilikli hu`kimdar aylanasinda bolg`an administratsiya «nomari» dep ju`ritilgen. Ha`r bir nomari o`zinin` menshilikli adliyasina ha`m sonday ha`zirgi zaman xizmetkerleri siyaqli o`zinin` oraylarina iye.

1- ha`m 2- a`wladlar fir`avnlari «mastaba» dep ataliwshi qabirlarg`a ko`milgen. ko`pshilik a`tirapi taslar menen tosilg`an mastabalar shiyki gerbishlerden tuwri mu`yesh formasinda tiklengen bolip, ju`da` ko`p xanalardan quralg`an.

O`lgen fir`avnnin` barliq buyimlari usi xanalardang birinden saqlang`an. Onin` tiriklik shag`indag`i idis-tabaqlari, kiyim-kenshekleri, ag`ash sandiqlari, mebelleri ha`m sog`an uqsas na`rseleri ol du`n`yadag`i turmisi ushin za`ru`r boladi dep esaplaydilar.

Misirliqlar a`psanaliq qudalar ishinde en` tiykarg`isi esaplang`an Osirisnin` basi Abidosqa ko`milgen dep oylag`anlar. Demek, Abidos muqaddas jay esaplang`an.

A`yyemgi Misirliqlarda qudalar ishinde en` tiykarg`isi esaplang`an Osiristin` basi Abidosqa ko`milgen dep oylag`anlar. Demek, Abidos muqaddas jay esaplang`an.

A`yyemgi Misirliqlarda bir-birine aralasqan, qaysini, jergilikli qudamandlardi hu`rmetlew. Osiris ha`m Isidalarg`a ta`zim qiliw, qu`yash qudasi

Amon Rega tabiniw siyaqli diniy qaraslar bar bolg`an. Olar ma`mlekette ha`kimiyat ha`m ja`miyet turmisi belgilegen.

Diyqanshiliqtin` rawajlaniwinda Nilda bolatug`in ha`m da`wiriylikte tiykarg`i ba`ha`rgi ha`m gu`zgi suw tasqinlarin, ketinen keletug`in qurg`aqshiliq ha`m olardin` ja`ne qaytalaniwi misirliqlarda ta`biyattin` rawajlaniwi, o`liwi ha`m ja`ne rawajlaniwi tu`siniklerin qa`liplestirgen. Bul insan turmisi, quda Osiristin` o`liwi ha`m ja`ne tiriliwi haqqindag`i diniy iseniminin` payda boliwina alip kelgen.

Haqiqattan ha`m a`yyemgi misirliqlar insan turmisin ha`m ta`biyattag`i qaytalang`an o`zgerislerdi qudalar basqaradi dep isengenler. Biraq negedir qudalardi haywan basli adam ko`rinisinde oylawladilar. Ibis (la`ylek siyaqli qus) basli aqilli-erkli ha`m jaziw qudasi Taqt, shiye bo`ri basli momiyalaw qudasi Anibis ha`m basqa bir qansha qudalar bar. Olardin` barlig`i arxitektura estelikleri, ibadatxana ha`m maqbaralarda o`z sa`wlesin tawg`an. Momiyalawdan tiykarg`i maqset deneni ol du`n`yadag`i turmis ushin saqlaw. Eger dene halal bolsa, onin` ruwxi «Ka» ha`m nabit boladi.

Momiyalang`an deneni altin plastinka menen qaplang`an ag`ash tabitqa salg`anlar. Belgili Tutanhamon maqbarasi boyinsha pikirin ju`ritetug`in bolsa (bizge ma`lim bolg`an fir`avnlardin` ko`miliwleri ishinde ag`irlanmay tabilg`an tutas maqbara), ondag`i tabit ju`da` teren` (u`shewi u`stpe-u`st qoyilg`an) ha`m taza altinnan islengen. Bunday momiyalaw a`deti patshaliq ushin g`ana bolip, ayriqsha ol jan`a patshaliq da`wirinde Nubiy ma`mleketinen ko`plep aldin alip keliw waqtinda ken` tarqalg`an.

Misir ehramlari. 3-a`wladtin` birinshi fir`avdi Joser bolg`an. Joser ehrami (piramidasi ) nin` qurilisi u`lken taslardan u`lken binalar ashqan ha`m jaziw o`nerinde joqari tabislarg`a erisken arxitektor Imxotep ati menen baylanisli. Joser qa`biri Qohiradan shama menen 6 km. Narida jaylasqan. Tastan islengen bul u`lken maqbara du`n`yadag`i en` a`yyemgi estelikler. Onin` qurilis waqti eramizdan alding`a 2780 jilg`a tuwri keledi.[1]. [9; 43;44 ; ].

Bul qurilma bir qator zinapayalardan quralg`an ehram bolip, u`stpe-u`st qoyilg`an ha`m joqarig`a ko`terilgen sayin kishireyip bariwshi bir qansha

mastabalar jiyindisinan ibarat. Piramidanin` tiykari kvadrat bolip, ol qoyanin` 25 m ishkerisine jaylasqan. Ja`ne to`menirekte
fir`avnnin` ko`miw xanasi bolg`an. Piramida ha`m onin` a`tirapi ha`k taslarinan terilgen biyik diywal menen orap aling`an. A`ne usi diywaldin` ayirim bo`lekleri ha`zirge shekem saqlang`an yaki olar qayta tiklengen. Ishki diywaldin` qarama-qarsi ta`repinen qatar estelikler boy ko`tergen. Iqtimal, olar bir qiyli qudalarg`a bag`ishlang`an ibadatxanalar bolsa kerek. Imxotepnin` ko`rinisi binanin` ishkerisinde mu`sin ko`rinisinde payda boladi. Bul menen misirliqlar wa`zirdin` abiroysi ha`m qudrati tek qalar joqari ekenligin ko`rsetgener. 3-a`wlad onin` aqirg`i fir`avni Snofrundin` o`limi menen tamam bolg`an. Ol tiriklik waqtinda o`zi ushin ta`repleri tegis bolg`an eki u`lken piramida qurdirg`an. 4- a`wlad kelip piramidalar quriw u`lken da`wiri baslang`an. Misirda 70 den artiq piramida bar. Olar Sakqarax ha`m  Dashurdan ta qa`birdegi Xauvarag`a shekem sozilg`an. Ha`r bir piramida tek fir`avnnin` qa`birinen ibarat bolg`an. Joser patshaliq qilg`an da`wirden son` ma`likeler ha`m o`zlerinin` shaxsiy piramidalarina iye bola baslag`anlar. Tiykarg`i piramidalarinin` a`tirapinda a`liyjanap ha`m joqari ma`nsepli kisiler ushin mastabalar jaylasqan.

Misirdag`i belgili piramida 4-a`wladtin` birinshi isrdagi fir`avni Xufu ta`repinen qurilg`an. Oni yunanliqlar Xeops dep atag`anlar. Bul piramida Qohira jaqininda Nildin` batis ta`repindegi taslaq jerde boy tiklep turadi. Onnan onsha uzaq bolmag`an araliqta Xeops miyrasxorlari  Xafr ha`m Mikerinoslardin` piramidalari jaylasqan. a`ne usi piramida birgelikte ta`sirshen arxitektura birigin payda etedi.

Xeopsdin` u`lken piramidasi tutas saqang`an piramida bolip, yunanliqlar oni jeti iqlim mo``jizasi  dep atag`anlar. Xaqiqattan, ol tutas ha`m jeterli bekkem qurilma bolip, 2.300. 000 da ha`k tas yuloklardan islengen.

Tiykarinan ha`r bir blok orta esapta 2,5 tonna awirliqta bolg`an. Piramidanin` ishinde bir neshe bir-biri menen shalkash jollar bar bolip, olardan biri shaqtin` o`ligi qoyilg`an xanag`a alip baradi, biraq bul jerdegi o`lik usi Joserdin` go`rxanasinan pariq qilg`ani halda, piramidanin` ortasinda jaylasqan. Xonav granit

bloklar penen qaplang`an. Ha`r biri shama menen 60 tonna keletug`in bloklar 90 km araliqdan Assuandan keltirilgen.  Sarkofag ha`mde tas tabittin` sirtqi ta`repi bekkem granittan islengen.

Eramizdan 4500 jil aldin boy tiklegen bul bina bizdi elege shekem hayran qaldiradi, misirliqlar bul da`wirde boy tiklengen bul bizdi elige shekem hayran qaladi, misirliqlar bul da`wirde do`n`gelek menen eli tanis emes ediler. Qurilista olar iqtiyarinda tek tsilindr siyaqli denelerden dastag bar edi. Piramida o`lshewlerinin` ju`da` u`lken boliwina qaramastan tiykarnin` ha`r bir ta`repi 137 m, biyikligi 147 m, onin` bag`dari absolyut aniqlig`i menen orinlang`an.

Bu`gingi ku`nde Xeops piramidasinin` sirtqi ko`rinisin teksheli stolin esletedi, tiykarinda shirayli appaq taslardan qaplang`an bolip, tutas ha`m silliq ju`zeden ibarat bolg`an.

Orta patshaliq da`wiri. Eramizda alding`i 2400 jildin` baslarina kelip, Orta patshaliq da`wirinde Misir ma`mleketi kriziske ju`z tutadi. A`yyemgi fir`avnlar baslamasi menen alip barilg`an u`lken qurilislar, ma`mleketti materialliq bayliqlari deregin haldan taydirg`an. Jergilikli baylar barg`an sayin abiroyg`a iye bola basladilar.Nomarilarinin` ha`kimiyati ku`sheye baslag`an.

Olar o`zlerin paytaxt a`meldarlarina, ha`tte fir`avnnin` o`zine ha`m qarama-qarsi qoya baslag`anlar. A`qibette bul ma`mleket bir qansha yarim g`a`rezsiz oblastoarg`a bolip jiberilgen. 6-a`wladtin` aqirg`i ha`m ku`shli fir`avni Peni II bolg`an. Onnan keyin ma`mleketti 7-a`wlad basqarg`an. Bul waqit ishinde puqaralar ha`m o`zbasimshaliq ken` tarqalg`an edi. A`yyemgi yunan tariyxshisi Manefonnin` aytiwinsha, 70 ku`n ishinde 70 shaq almasqan. 8-a`wlad uzaqqa sozilmag`an. 9–ha`m 10- a`wladlar  fir`avnlari ma`mleketti ja`ne birlestiriwge ko`p urindilar, biraq na`tiyje bolmadi. Sonin` ushin ha`m tariyxshilar 7-den 10-a`wladqa shekem bolg`an waqitti  birinshi araliq da`wir dep atag`anlar.

11-a`wlad ju`zege keliwi menen orta patshaliq da`wiri baslang`an. Bul da`wir eramizdan alding`i 1700 jilg`a shekem dawam etken. O`z na`wbetinde misirliqlar ha`m qon`si ma`mleketlerge ju`ris basladilar. Birinshi bolip, Suriya ma`mleketin basip aldi. Ekspansiya qublag`a Nubiylar aymag`ina qarap ken`

tarqaldi. Ol jerden altin, pil su`yegi ha`m qullar ko`plep keltirildi. Qimmatbahali tas ha`m altinlar ko`miw ma`resimlerin bezew ushin isletiledi.

Monumental arxitekturasinda piramidalar qurilisi Orta patshaliq da`wirinde ha`m dawam ettirildi. Biraq forma ta`repinen olar bir-birige uqsasalarda, masshtabi ta`repinen a`yyemgi patshaliq piramidalarinan onsha kishi ha`m az tantanali bolg`an. Piramidanin` biyikligi 65 metrden aspag`an. Olardin` o`lshemleri ha`dden tisqari kishi bolsada ishki bosliqlari a`nshe ken` bolip, a`dette go`rxana ha`m ziyaratxana siyaqli qavatlarg`a bo`lingen.

Orta patshaliq da`wirinde u`lken piramidalar qurilisina za`ru`rlik ha`m joq ediE, Misirda usi waqitta aniq orayliq ha`kimiyat bolmag`an. Ja`ne u`lken ko`lemdegi qurilmalar quriw ideyasi jan`a birlesken Misirdin` orayi Fivada, Mentuxotib III ha`m Mentuxotib IV larinin` maqbarasinda janlang`an.

Bul jerde ehram peshayvonlardin` quramali sistemasi menen uyg`inlastirilg`an, yag`niy ha`m peshayvonlar u`stine qoyilg`an. O`zinin` doridiy orderige uqsas u`stinleri menen belgili bolg`an Beni-Xasandagi maqbalar ju`dA` xarakterlidir. Haqiqattan, «protodorlik» ustini Misir arxitekturasinda tentonikaliq forma bolip, oni jaratiwshilari bul ta`repinen a`yyemgi yunan arxitekturasina jaqinlasqanlar. Biraq, a`yyemgi Yunonistondag`iday klassikaliq order Misirda jaratilmadi.

Orta patshaliq eramizdan alding`i 1700 jilg`a kelip tamam boldi. Bul Misir a`ymag`i Aziyaliq giksoslar ta`repinen basip aling`an bir waqitta ju`z berdi. Giksoslardin` hu`kimranlig`i sozilmadi. Olardin` saltanati 15-16 ha`m 17-a`wladlar da`wirin o`z ishine aldi. 17- a`wladdan baslap fir`avnlar basshilig`i astinda dushmang`a qarshi matanatli gu`resi baslandi.

## ***II. Jan`a patshaliq da`wirinde ibadatxanalar du`zilisi***

Jan`a patshaliq da`wiri arxitekturasi. Giksoslarg`a qarsi bolip gu`res baslang`amn ha`m jan`a patshaliqtin` ulli basqariwshilari a`wladina tiykar salg`an. Fivalin ha`kimler o`z paytaxtlarin Fivada sho`lkemlestirdiyu 500 jil dawaminda bul qala du`n`yanin` en` ulli ha`m muqaddas orayindja aylang`andi. Fivanin` qudasi Amon endi za`ru`r rol` oynay basladi. Og`an ayriqsha itibar berildi. Ol quyash qudasi Rega sin`dirildi. Tez arada u`lken qurilislar baslanadi. 18-a`wlad

fir`avnlardin` tantanali saraylari, aq su`yeklerdin` hashamatli villalari misr qudalarinin` qasirlari boy ko`teredi. Fir`avn o`z qa`birin taqtqa otirg`an kWnnen baslag`an. Ol bug`an jillar, ba`zen pu`titn omirin bag`ishlag`an. Kiralisha, Xatshepsut, 18 – ha`m 19- a`wladlar jan`a patshaliq da`wirinde Misirdi ulli a`skeriy ma`mleketke aylantirilg`an salabatli, jangawar fir`avnlari menen belgili.

Olar o`z jen`islerin uzaq Aziyag`a shekem ken`eytirdiler. Suriya qalalarin basip aldilar ha`m u`lken saliqlar talap etdiler. da`slepki u`sh sawashshi Axmos, Amenofis I, Tutmos I lar  patshaliq geshtin su`rediler. Son`g`i aqirg`i  fir`avn Tutmos I nin` uli Tutmos II kesellik bolg`anlig`i ushin jas o`ledi, onin` miyrasxori Tutmos III ma`mleketti basqariwg`a eli go`deklik qilardi.

Sonin` ushin  ha`kimiyat hayal qolina – qiralig`asha Xatshepsutg`a o`tti. Bul jol kushli talant iyesi bolg`avn. Ol ma`mleketti tinishliq sheberlik menen basqarg`an.

Dayr – El` –Baxradagi a`jayip qa`sirdin` avtori ha`m Senmutdir. Bul a`piwayi Dayr-El` –Baxrining arqa bo`leginde,  Mpentuxoteb  esteligi menen janma-jan bolip, onda ko`p formalar qaytalang`an. Xatshepsut esteligi Misir arxitekturasinin` za`ru`r basqishlarinan biri. Bull bina arxitekturasinin`  Orta patshaliq qurilmalarinda tiykarg`i pariqi joybarlaw ha`m uqsasliq ta`repinen eki da`wir esteliklerin o`z-ara salistirg`anda jarqin ko`rinedi. Metuxoteb ibadatxanasi siyaqli Xetpepsut ibadatxanasi ha`m u`sh terrasag`a jaylasqan.

Amenofis III din` 36 jilliq hu`kimranlig`i da`wirinde ko`rkem o`ner ku`shsizlenedi ha`m birmunsha na`ziklesedi. Saray arxitekturlig`in u`yreniwde Amarna ayriqsha a`hmiyetke iye. Bul jerde fir`avng`a ha`m onin` shan`araq ag`zalarina tiyisli bolg`an ush tsaray saqlang`an. Tiykarg`i saray n`il jag`asi boylap qurilg`an. Fasadtin` uzinlig`i 700 metrge ten`. Ken` ko`she saraydi ekige – arqa ha`m batis bo`leklerge bolip turadi. Tel-El` –Amrana qalasi ha`mmesi bolip, sherek a`sirden azraq jasadi. Misr imperiyasi  Axngaton hu`kimranlig`i astinda idiray basladi.

Son`g`i patshaliq da`wiri arxitekturasi. 20-a`wladqa kelip, Misir tariyxinda tu`sinikli da`wiri baslandi. Biraq 19-a`wlad fir`avnlari, onin` tiykarshisi

Xoromxeb ha`mmesinen en` ullisi Satxi I ha`m onin` uli Ramzes II ler Misir hu`kimranlig`i qisman bolsada saqlap turdilar. Aqirg`isi xettetlerge qarsi isenimsiz uris qildi. O`z jen`islerine atalg`an esteliklerin ko`plep qurdirdi. Xoremxob baslag`an ha`m teren`ligi I dawam ettirgen Karnakdag`i ibadatxanalarin Ramzes II keneytirip, ol jerde o`zine bag`ishlab barel`ef jaratti. Ol o`z qa`sirin da`stu`riy jerde, Nildin` Karnakg`a qarama-qarsi jag`asinda qurdirg`an. Bull jumislardin` ha`mmesi Ramzes II nin` janina tiygen bolsa ha`m, Karnakdag`i Amon qudasina bag`ishlang`an gipostil xana ulliliqta birew edi. Xananin` eni 103 m, ishi 52 m den ibarat bolip, onin` uliwma maydani 5.000 kv. m. di quraydi. Xana taminin` ha`r bir qatarinda 10 tadan 16 qatar ustin, ha`mmesi bolip 134 ustin uslap turadi[1]. [9; 49; 50 ;]

Gipostil` xananin` orayliq bo`legi qatarinda 6 tadan 2 qatar ustunler menen ayriqsha ajiratilg`an. Bul ustunlerdin` diametrleri 3,4 metrge ten`, biyikligi -20,4 metr. Ibadatxana simmetriya tiykarinda qurilg`an. Ibadatxana qurilisinda jaqtiliq u`lken rol` oynag`an. 19-a`wlad fir`avnlari waqtinda ibadatxana ulli a`hmiyetke iye bolg`an. Misir fir`avnlari Karnakdag`i Amon ibadatxanasi ruwxaniylari o`zlerinin` tayanishlari dep bilip, olardi ha`r ta`repleme qollap –quwatlaydilar.

19-a`wlad da`wirinde u`lken qurilislar Guksorda ha`m alip barildi. Amenxotib III baslag`an ibada`xana qurilisi o`z da`wirinde tamamlanmay qalg`an edi. Ramzes II o`z da`wirinde u`lken qurilislardi a`melge asirdi. Arxitekturada bir qiyliliq onin` janina tiydi. Xonusi ibadatxanasi Jan`a patshaliq da`wirine ta`n bolip, onda usi waqittag`i barliq tiykarg`i estetikaliq aqidalari aniq ha`m ra`wshan ko`rinedi. Xonusi ibadatxanasi onsha u`lken emes, biraq onin` arxitekturasi jan`a patshaliq da`wirinde jaratilg`an Misir ibadatxanasinin` klassikaliq tipine jaqindir.

Ol soziq tuwri to`rt mu`yesh formasina iye. Barliq ibadatxanalarda bolg`ani siyaqli bul jerde ha`m bir neshe xanalardi o`z ishine alg`an sig`iniw uyi gipostil zalinin` kompozitsiyali ko`sherine tutasqan. Uliwma jan`a patshaliqtag`i diniy qurilmalar arxitekturasi oni tisqaridan tamashabin bolip baqlag`anda g`ana emes, ba`lki ha`r ta`repleme kisige ta`sir ko`rsetiwge mo`lsherlep qurilg`an.

Jan`a patshaliqtin` son`inda qurilis isleri tek Misirg`a g`ana emes, ba`lki onin` sirtindag`i misirg`a qaram bolg`an Nubiyada ha`m alip barildi.

Abu Simbeldag`i qayag`a oyip islengen Ramzes III ibadatxanasi jan`a patshaliqtin` son`g`i da`wirindegi en` u`lken qurilislarinan biri. Onin` kiriw ta`repine qayali trapetsiya siyaqli pilon ko`rinisi jo`nip islengen pilon aldinda otirg`an halda su`wretlengen to`rt 20 metrli Ramzes III din` mu`sinleri ha`m qaya tasin jo`niw esabina jaratilg`an. Shig`isqa qaratilg`an pilonnin` biyikligi 33 metr, eni 38 metrden ibarat bolip, onin` to`besi mu`sinler menen bezetilgen. Ibadatxananin` ishki bo`legi patshaliq da`wiri arxitekturasi printsipleri tiykarinda orinlang`an. Qurilislar tiykarinan 22 -a`wlad waqtinda rawajlandi. a`wladtin` tiykarshisi sheshonka Fivanin` kishi qudasi Amon, Mut ha`m Xonsularg`a bag`ishlap Tanis qalasinda ibadatxana tikledi. 25 a`wlad fir`avnlari musofir Nubiyadan bolg`anlar. Jan`a patshaliqtin` son`inda Nubiya Misirdan ajralip shiqti ha`m g`a`rezsizlikke eristi. Biraq ulli qurilmalar Karnakda quril di. 25 -a`wlad eramizdan alding`a 671 jilda Misirdi Suriyaliqlar ta`repinen basip aliniwi menen tamam boldi. Misirdin` sotsial turmisinda birmunsha janlaniw payda bolip, biraq bull uzaqqa sozilmadi, Misir ha`m ekonomikaliq ha`m siyasiy ta`repinen a`nshe ku`shsizlenip qalg`an edi.

## ***III. Ellinizm da`wiri arxitekturasi***

Misir ellinizm. Eramizdan alding`i 332 jilda makedoniyaliq Iskandar armiyasi Misirg`a kirip keldi. Eran hu`kimdarlig`inan azap shekken misirliqlar Iskandar qosinlarina hesh qanday qarsiliq ko`rsetpediler. Kerisinde, Misir kahinlari Iskandardi qollap-quwatladilar ha`m oni Amonnin` mehriban perzenti Re dep dag`azaladilar. Onin` ati Aleksandriya dep atalg`an. Bull qala sistemali jobag`a iye bolg`an. IV a`sirdin` aqirinda Aleksandriya yunan shig`is du`n`yasinin` en` u`lken sawda ha`m ma`deniy oraylarinan birine aylandi.

U`lken qurilis Misirda Iskandar o`liminen son` onin` vorislari makedoniyalar a`wladlarinin` shaqlari –Ptlomeylar waqtinda alip barildi. Basip aling`an jerlerde o`z ha`kimiyatin` bekkemlew maqsteinde Ptlomeyler  Misin qudalarini hurmet qilg`anlar ha`m olar sharapi ushin ibadatxanalar qurdirg`anlar.

Ibadatxonalar arxitekturasida a`yyemgi ko`rkem o`ner da`stu`rleri qayta tiklengenler.

Misir ellinizm da`wiri arxitekturasinin` en` jarqin u`lgisi – bul -Edfudagi Gora ibadatxanasidir. Onin` barliq xanalari  –pilon, ashiq ha`wli, kiriw ha`m gipostil zallari, muqaddes ha`m sig`iniw xanalari jan`a patshaliq ibadatxanalarindag`i siyaqli simmetriyaliq ra`wishte bir ko`sherge jaylasqan. Eramizdan alding`i 122 jilda  Ptolomey IX Gipostil` zal aldina u`lken 18 ustunli diywallari rel`efler menren bezetilgen kiriw zali qurdirg`an. O`z na`wbetinde, onin` miyrasxorlari : Ptolomey X, XI  ha`m XII lar ibadatxana a`tirapin sirtqi diywal menen orap, kiriw zali aldinda ashiq ha`wli ha`m pilon jaratg`anlar. na`tiyjede ashiq ha`wli diywallari menen ibadatxana diywallari biyma`lel ha`reket qiliw mu`mkin bolg`an jolek payda bolg`an. Basqasha qilip aytqanda Gora ibadatxanasi qaya a`tirapi diywal menen oralg`an ashiq ha`wli ishinde qa`lipleskendey tuyiledi. So`zsiz, bunday erkin ha`m aniq kompozitsiya sheshim misir ellinizminin` o`zine ta`n o`zgesheliklerinen biri. Xaqiqattan ha`wlinin` aldindag`i pilon ju`da` salmaqli. Onin` biyikligin  35 metr, eni 76 metrge ten`. ma`limki, jan`a patshaliq waqtinda pilonlardin` sirtlarin rel`efli kompozitsiyalar menen toltiriw a`det edi.

Ellinizm da`wirinde bull rel`efler ja`nede u`lkenirek ma`nige iye boladi. Ellinizmdegi barliq rel`efler o`zlerinin` a`ne usi o`zgeshelikleri menen ajiralip turadi. Edfudagi Gora ibadatxonasi komopzitsiyalradag`i bar bolg`an shirayliliq bizdi zawiqlantiradi. Edfudag`i  Gora ibadatxanasinin` Misir ellinizmida belgiligi

bejiz emes, a`lbette. Ol ko`birek tosiq diywaldin` ishki sirtina bitilgen za`ru`r jaziwi menen tanilg`an.

Denderdegi Gator ibadatxanasi haqiqattan ha`m Misir ellinizminin` en` belgili binalarinan biri bolg`an. Misir ellinizmi dunyosida ma`lim bolg`an esteliklerinen ja`ne biri Kom-Ombo ibadatxanasidir. Ondag`i tiykarg`i o`zgesheliklerin biri sol, bir binanin` ishine eki g`a`rezsiz ibadatxana jaylasqan. Sog`an ko`re bina eki parallel bo`leklerge bo`lingen. On` ta`reptegi qubla bo`legi, muqaddas haywan esaplang`an timsaq ko`rinisdegi quda Sobekia , arqa shep bo`legi Gora qudasina bag`ishlang`an. ha`r bir bo`lek ushin siyiniw jayi ha`m olarg`a pilon da`rwazalarinan baslap ayriqsha jol alip baradi.

Misir ellinizminin` en` belgili esteliklerinen biri Fili atawindag`i Isida ibadatxanasi. Bull Misirdin` qubla shegarasinda, ulli da`r`ya suwlari menen oralg`an chakalakzorda bir-birine maslang`an taslardan qurilg`an ha`m jarasiqli ustinleri, shiravyli relo`efler menen bezetilgen ajayip binadir.

Ibadatxana pilonlaridag`i rel`efler ayriqsha pilonnin` ishki ha`wli ta`repke qarag`an diywallarina oyip islengen quda Isidanin` su`wretleri, o`zine ta`n go`zallig`i menen ajiralip turadi. Bul qunt menen izlengen ha`m jilvalarg`a sho`mgen formalar o`nerinin` keyingi da`wiri rawajlaniwinan derek beredi.

## ***JUWMAQLAW***

Juwmaqlap aytqanda, Misir arxitekturasinda Karnak qanday rol` oynag`an bolsa, Fili atawi arxitekturasiv ha`m Rim – Misir ellinizm da`wirinde sonday rol` oynag`an. Deyerlik ha`r bir xu`kimdar atawda niler qurg`an ha`m eramiz baslarinda olar arxitektura muzeylerine aylang`an. Aqirinda, eramizdin` 30 jillarina kelip, Misir Rim imperiyasi oblastlarinan birine aylvandi. Rim imperatori Oktavian Ptolemeylerdin` son`g`i qiralishasi Kleopatra u`stinen jen`iske erisip,

hu`kimdarliqti o`z paydasina sheshdi. Son` xristian dini payda boldi. Usi arqali Misirdag`i a`yyemgi til ha`m din umitildi.

Monumental arxitekturada piramidalar qurilisi Orta patshaliq da`wirinde hm dawam ettirildi. Biraq forma ta`repinen olar bir-birine uqsasalarda, masshtabi ta`repinen a`yyemgi patshaliq piramidalarinan a`nshe kishi ha`m az da`bdebeli bolg`an. Piramidanin` biyikligi 65 metrden aspag`an. Olardin` o`lshemleri ha`dden tisqari kishi bolsada ishki bosliqlari ken` bolip, a`dette go`rxana ha`m ziyaratxana siyaqli qavatlarg`a bo`lingen.

Eramizdin` VII a`sirine kelip, arap musilmanlari ma`mleketin basip aldilar ha`m ol ornasip aldilar. a`ne usi waqittan baslap Misir tariyxi, ma`deniyati, ko`rkem o`neri ha`m arxitekturasinda jan`a burilislavr baslandi. Bull 13 a`sirlik da`wirdi o`z ishine aladi.

Bul jerde ehram peshayvonlardin` quramali sistemasi menen uyg`inlastirilg`an, yag`niy ol peshayvonlar ustine qoyilg`an. o`zinin` doridiy orderine uqsas ustinleri menen belgili bolg`an Beni-Xasandagi maqbaralar ju`da` xarakterli. Haqiqattan, «protodorlik» ustuni Misir arxitekturasinda tektonikaliq forma bolip, oni jaratiwshilari bul ta`repinen a`yyemgi yunan arxitekturasina jaqinlasadilar. Biraq, a`yyemgi Yunanistandag`iday klassikaliq order Misirda j a r a t i l m a d i .

## ***PAYDALANILG`AN A`DEBIYaTLAR DIZIMI :***


1. Kadrlar tayyorlash milliy dasturi. Toshkent, 1997 yil 29 avgust

2.Ta`lim to`g`risidagi O`zbekiston Respublikasi qonuni.Toshkent, 1997, 29 avgust

3.I.A.Karimov. «Bizdan ozod va obod Vatan qolsin».T., 1994

4.I.A.Karimov. «Bunyodkorlik yo`lidan». II-tom, T., 1996

5. I.A.Karimov. «Barkamol avlod orzusi». Toshkent. 1999

6. I.A.Karimov. «Yuksak ma`naviyat-engilmas kuch».Toshkent. 2008

7.I.A.Karimov. O`zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. Toshkent, 2012

8. Abdullaev N. «San`at tarixi». T-1. T.,1986

9. Abdullaev N. «San`at tarixi». T-2/1. T., 2001

10. Vseobshaya istoriya iskusstv v 6 tomax. M.1956-66

11.Dmitrieva I. «Kratkoe istoriya iskusstvo». Vip-2. M.1991

12. Il`ina T.V. Istoriya iskusstvo zapodnoeevropeyskoe iskusstva.M., 2002

13.Yodgorov J. va boshqalar. Chizmachilik. - T: 1992.

14.Budasov B.V., Kaminskiy V.P. Stroitel`noe cherchenie i risovanie. M: 1990.

15.Pavlova A.A., Ro`ziev E.I. Qurilish chizmachiligidan qo`llanma.- T:1994.

16.Pavlova A.A., Ro`ziev E.I. Qurilish chizmachiligidan topshiriqlar. T:1994.

17.Odilov P.O. va boshqalar. Chizmachilik. – T: 2000.

18. www.pedagog.uz

19. www.nbgf.intal.uz

20. www.ziyonet.uz

21. www.edu.uz